



GINDIKAAYU AJI-JĔFANDIKUKATY TESTU PRELEVEMENT BAKAN

Lan mooy testu prelevement bakanu?

Test bi ab yaw yaa koy defal sa bopp ci sa bakan.

- Test bii mën na tax nga xam ndax da nga am COVID-19 am déet.
- Da nga wara di faral di def test bii ay yoon yu bari: benn yoon wala ñaari yoon ci ayu-bis bi.




Ngir jĕfandikoo test bii warulo:

- **Am mandargay feebar yu mel ni yaram wu tàng wala bopp buy metti.**
- Jegge ku am feebaru COVID-19.




So amee ay mandargay feebar, wala nga nekkoon ak ku am COVID-19, da nga wara def ab testu PCR laboratoire, wala testu antigen bu gaaw ci farmasi bi.



Nan ngay defee sa testu bakan


Jéego 1:

- Raxasal say yoxo ak ndox ak saabu, wala nga jĕfandikoo gelu hydroalkolik yi.
- Génneel bagaas yu nekk ci boyet bi yépp te nga teg leen ci ab apartama, ab bayaal buñu fomp bu baax.



Jéego 2:


- **Dugalal bant bi bamu toll ci 2 ba 3 santimeetar ci biir benn paxu bakkan.**
- **Roccil bant bi ndànk te nga tĕddal ko.**
Taxawal soo yĕggee ab ndĕgĕrilaay bu ndaw.
- **Wĕralel bant bi ci sa biir paxu bakan.**



Jéego 3:


Léegi nga wara gis resiltaa bi ci kartus bi:

- Ñaari liiñ yuñu koloré, benn ci **C** ak beneen ci **T**: test bi dafa positif
- Benn liiñu buñu koloré ci **C** kese: test bi dafa negatif
- Amul benn liiñ buñu koloré: dañoo wara defaat test bi.



Jéego 4:

- Teggat lépp ci ab pañe, tàkk ko ba noppi nga raxas say yoxo.



Lan nga wara def sudee sa test dafa positif

Defal ab testu PCR ci saasi, bi nga xamantane amul fay ak sa Carte Vitale



Soril nit ñi ngir aar leen

- Yëgalal képp ku dëkk ag yaw ni dafa wara sori nit ñi te def test bi.
- Yëgalal ko képp ku nga jota laaleel.
- Soril nit ñi lu toll ci 10 fan yi topp ci test bis bi nga defee test bi.



Wax ko sa doktoor, di nañ la wax li nga wara def.

Saytul sa wergu-yaram te yër dalu-web bi:

mesconseilscovid.fr



Soo amee ay jafe-jafey nooyi wala sa nooyi neew lool, wootel 15 ci saasi, wala 114 ngir ñu tëx ñi wala ñu am ay jafe-jafey dégg-dégg.



Toppal dogali kaarànge yi lu toll ci Juróom ñaari fan yi topp ci njextalu diir bi ngay sori nit ñi.



Lan nga wara def sudee sa test dafa negatif

Weyal di topp dogali kaarànge yi.

Soo amee ay siki-saka, wala so tambalee gis ay mandarga, defal ab testu PCR wala antigen bu gaaw.



Yeneeni leeral ci <https://solidarites-sante.gouv.fr/autotests-covid-19>